

KONSEY NASYONAL RELASYON TRAVAY AVEK OU
REPREZANTASYON KA YO

Bwochi sa genyen ladann eksplikasyon jénéral de sa ke Konsèy Nasyonal Relasyon Travay ye e kisa li fè konsènan pwosésis pétisyon reprézantasyon yo. Pou enfòmasyon pi devan, kontakté biwo NLRB ki pi prè-w e mandé pou palé avèk yon ajan enfòmasyon.

Ki sa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la yé?

Nou sé yon ajans Fédéral endépandan ki établi pou ranfòsé lwa Nasyonal Relasyon Travay (NLRA). En tan ke ajans endépandan, nou pa fè pati de okenn lòt ajans gouvènman tankou Dépatman Travay.

Kongrè bay NLRB pouvwa pou li òganizé eleksyon sekre bilten vòt pou travayè yo kapab egzèsé lib chwa yo si yon sendika dwe reprézanté yo nan bi negosiyasyon. Yon eleksyon bilten sekre ap fèt sèlman lè genyen yon rekèt ki depozé pou eleksyon. Yon rekèt konsa dwe depozé nan biwo rejional la nan zòn koté inité travayè-a lokalizé. Tout biwo rejional yo genyen fòm pétisyon ki disponib sou demann e gratis.

Pétisyon yo

1) Sètifikasyon Reprézantan (RC)

Pétisyon sa, ki nòmalman depozé pa yon sendika,

Chèché yon eleksyon pou detèminé si travayè yo swété

sendika reprézanté yo.

Li dwé sipòté pa siyati 30 pou san ou plis travayè yo

nan inité négosiasyon k-ap chèché.

Siyati sa yo kapab sou papyé. Jénéralman, nominasyon sa oswa “montré entèrè”

genyen yon déklarasyon ke travayè yo vlé reprézanté pou bi négosiasyon kolektif pa yon òganizasyon travay spesifik. Montré entèrè sa dwé siyen pa chak travayé e chak siyati travayé dwé daté.

2) Révoké Sètifikasyon (RD)

Pétisyon sa kapab dépozé pa yon endividi,

kap chèché yon eléksyon pou detèminé si otorité yon sendika ap k-ap aji kòm yon reprézantan négosiasyon travayé yo dwe kontinyé

Li dwé sipòté pa siyati de 30 pousan oswa plis nan travayé yo nan inité négosiasyon-an ki reprézanté pa sendika.

Siyati sa yo kapab sou kat separé oswa sou yon sèl mòso papyé.

Jenéralman, montré entèrè sa genyen ladan-l yon déklarasyon koté travayé yo pa swété pou yo reprézanté nan bi négosiasyon kolektif pa yon òganizasyon travay ki déjà egzisté.

Montré entèrè sa dwé siyen pa chak travayé e chak siyati travayé dwé daté.

3) Rétiré otorité sékirité sendika (UD)

Pétisyon sa ki kapab dépozé tou pa yon endividi,

k-ap chèché yon eléksyon pou detèminé eské yo dwé kontinyé avèk otorité ke kontra bay sendika pou-l mandé travayé yo, pou fè pèman légal a sendika pou yo kapab kenbe travay yo.

Li dwé sipòté pa siyati 30 pousan oswa plis nan travayé yo nan inité négosiasyon ki kouvri pa akò sékirité sendika.

Siyati sa yo kapab sou kat separé oswa sou yon sèl mòso papyé.

Jenéralman, montré entèrè sa déklaré ke travayé yo pa vlé ankò kontra négosiyasyon kolektif yo-a ki genyen yon pwovisyon sékirité sendika.

Montré entèrè sa dwé siyen pa chak travayé e chak siyati travayé dwé daté.

4) Pétisyon Anplwayè (RM)

Pétisyon sa dépozé pa yon anplwayè pou yon eléksyon lè yonn oswa plizyè sendika prétann reprézanté travayé anplwayè yo oswa lè anplwayè-a genyen motif rézonab poufè kwè ke sendika, se reprézantan aktyèl négosiyasyon kolektif, pa reprézanté ankò majorité travayé yo. Nan denyé ka sa pétisyon-an dwé sipòté avèk prèv oswa “konsidérasyon objektiv” dépann pa yon anplwayè pou kwè ke sendika pa reprézanté yon majorité nan travayé li yo ankò .

5) Inité Klarifikasyon (UC)

Pétisyon sa ap chèchè klarifyé enpòtans yon inité negosiyasyon ki egzisté pa egzanp, detèminé si yon nouvo klasifikasyon gen plas nan inité-a. Pétisyon-an kapab dépozé pa anplwayè-a oswa sendika.

6) Modifikasyon Sètifikasyon (AC)

Pétisyon sa ap chèchè pou modifyé yon sètifikasyon sendika ki la lontan pou montré chanjman nan sikonstans yo, tankou chanjman nan non oswa afilyasyon sendika. Pétisyon sa kapab dépozé pa yon sendika oswa yon anplwayè

Ki sa yon inité Negosiyasyon yé?

Yon inité Négosiyasyon se yon gwoup de dé ou plizsyè travayè ki patajé yon “entèrè kominotè” e ki kapab rasanblé ansanm nan bi pou fè négosiyasyon kolektif. NLRB responsab pou li veyé aské nenpòt éleksyon nan yon ka de reprézantasyon kapab réyalizé nan yon inité apropriyé. Yon inité le pli souvan dékri pa kalité travay li fè oswa sou kalifikasyon travay travayè yo- pa egzanp, pwodiksyon e travayè antretyen yo oswa chofè kamyon yo. Nan sèten ka, kantité enstitisyon ki dwé patisipé nan yon inité négosiyasyon ki ankoz, e yon inité kapab dékri pa kantité lokasyon ki enpliké. Pa egzanp, nan yon endistri detayé, NLRB ka bezwen pou-l detèminé si travayè yo ki nan yon sèl oswa si inité négosiyasyon ki konpozé de plizsyè magazen apwopryé. An jeneral, de fason apropriyé yon inité négosiyasyon detèminé sou baz interè kominoté ak travayè ki patisipé yo.

NLRB ka pran an konsiderasyon lòt faktè tankou istwa négosiyasyon kolektif ak sa travayè afekté yo vlé .

Si -w depozé yon pétisyon pou révoké sètifikasyon (RD) oswa pétisyon pou rétiré otorité sékirité sendika (UD), inité négosiyasyon koté nenpòt eleksyon ap fèt ap rété menm jan tankou yon inité ki akredité oswa rekonèt. Nou dwé verifyé kontra nou pou nou kapab wè ki deskripsyon ki egzisté nan ka sa yo pou inité negosiyasyon.

Travayè ki pa genyen benefis nan NLRA

NLRA pa bay tout travayè benefis . Men kategori moun ke lwa pa kouvri pou benefis :

- Moun ki anplwayé kòm travayè agrikilti
- Moun k-ap travay kay nenpòt moun nan sèvis domestic oswa fanmi nan yon kay
- Moun k-ap travay avèk yon paran oswa konjwoin
- Moun k-ap travay kòm kontraktè endepandan
- Moun k-ap travay kòm sipèvizè
- Moun k-ap travay pou yon anplwayè ki pwotéjé pa lwa chemen de fè, tankou konpayi ray tren ak konpayi avyon
- Moun k-ap travay pou gouvènman Fédéral, états ak lokal
- Moun k-ap travay pou nenpòt lòt moun ke NLRA pa défini kòm anplwayè.

Jiridiksyon NLRB

An plis, NLRB établi standa pou-l detèminé si l-ap egzèsé ou non jiridiksyon li sou yon anplwayè. Standa jiridiksyon sa yo bazé sou kantité ak ki jan de travay ke anplwayè-a fè, e li varyé selon endistri.

Pa egzanp, NLRB afimé jiridiksyon sou anplwayè ki nan komès an détay, ki rantré pa ané mwens ke 500 mil dola e ki résevwa e voyé machandiz ki travèse fontiyè éta yo.

Ki lè ou kapab depozé yon pètisyon?

NLRB établi sèten lwa sou fason pou depozé pètisyon ki afektè travayè ki kouvri anba yon kontra ki ekzisté. Jénéralman, anba lwa anilasyon kontra, yon kontra ki valab pou 3 ané ou mwens kapab entèdi yon eléksyon pandan péryod kontra kouvri-a. Toutfwa, nan sitiyasyon sa yo, yon pètisyon ki depozé pou plis ke 60 jou, men ki pa depasé 90 jou anvan kontra fini ap aksepté e li kapab kondwi a yon eléksyon. Nan péryod tan sa yo pou depozé pètisyon yo ki enpliké enstitisyon santé yo kapab pran plis ké 90 jou men pa plis ke 120 jou anvan kontra fini.

An plis, NLRB pap fè eleksyon nan okenn inité negosiasyon kolektif koté ki té genyen yon eleksyon valid pandan 12 denyè mwa yo. Lwa sa pa apliké, toutfwa, pou révoké yon éléksyon (UD) sékirité-sendika ki

té fèt pandan 12 mwa de yon éléksyon réprézantasyon (RC, RM, RD), oswa yon eleksyon reprezantasyon ki té fèt pandan 12 mwa de révokasyon éléksyon sékirité sendika.

Si yon eleksyon te fèt e sendika te sètifyé pa NLRB, sètifikasyon sa nòmman valab pou yon lané e yon pétisyon pou yon lòt éléksyon nan menm inité-a ap rejte si li té dépozé pandan peryod yon lané aprè sètifikasyon NLRB –a.

Ki sa ou kapab atann, si ou dépozé yon Pétisyon?

Ajan enfòmasyon NLRB nan biwo rejional ki pi pré-w kapab réponn kesyon ou-yo sou pétisyon réprézantasyon e li kapab asisté-w nan ranpli fòm pétisyon yo.

Si ou dépozé yon pétisyon, ou dwé préparé pou di nou non ak adrès anplwayè-a e tout lòt òganizasyon travay ki enpliké. Anplis, ou dwé dekri inité négosiasyon ki fè objé pétisyon an, apeprè konbyen travayè ki nan inité-a. Ou pral bezwen pou di nou eské ou genyen yon òganizasyon travay ki réprézanté-w, eske gen lòt òganizasyon ki entérésé, oswa si genyen lòt aranjman négosiasyon kotektif ki anvigè. Si-l disponib, ou dwé bay yon kopi de nenpòt kontra ki ankou ki egzisté ant anplwayè-a avèk sendika. W-ap bezwen pou mété adrès ou rété kounyé-a sou fòm pétisyon-an e fò-w siyen-l tou. Yon kopi pétisyon-an pral jwenn tout pati konsèné yo.

Montré entéré pou sipotè pétisyon RC, RD, oswa UD oswa konsidérasyon objektif nan sipò pétisyon RM (fason li aplikab) dwé dépozé avèk pétisyon an, oswa pandan 48 èdtan aprè li te fini depozé, e lè pétisyon RC ak RD yo enpliké, pa pita ke denyé jou pétisyon-an kapab dépozé atan. Si prè sa yo pa dépozé a tan, oswa si NLRB konsidéré montré entéré-a oswa konsidérasyon objektif la pa asé, pétisyon -an kapab sijé pou anilasyon.

Aprè pétisyon-an fini dépozé, Y-ap remèt ka a yon ajan NLRB pou trétman. Si rejyon-an jijé ke yo dwé travay plis sou pétisyon-an, Ajan ap eséyé jwenn yon antante ak pati yo konsènan ki inité ki apwopriyé ak elijibilité votè yo ansanm ak dat, lè, ak koté eleksyon-an ap fèt la.

Si tout pati yo rivé a yon antante ki aprouvé pa direktè rejyonal la, lè sa éléksyon yo ap fèt. Si yo pa ka jwenn yon antante, yon réprézantasyon odians ap vini fèt devan yon ofisyé odians NLRB. Tout pati yo ap genyen opòtinité pou yo konparèt e prézané prè sou pwoblèm nan konfli-a. Aprè odians la fèmen yon direktè rejional, oswa desizyon konsèy la ap sòti swa pou yo fè yon éléksyon oswa pou pétisyon-an anilé. Aleksepsyon de yon direktè rejyonal desizyon kapab dépozé pa nenpòt ki pati nan biwo NLRB nan Washington, D.C.

Biwo NLRB yo

Adrès biwo nou yo sitiyé nan anyè téléfon anba gouvènman Etazini- Konsèy nasyonal Relasyon Travay. Adrès ak niméwo téléfon biwo ki pi pré-w sé: